

Rete yon semèn pou aplike pou asistans FEMA nan Kawolin di Nò

Release Date: Mas 31, 2025

HICKORY, N.C. - Moun Karolin di Nò ki sibi domaj oswa pèt ki pa asire apre Tanpèt Twopikal Helene gen yon semèn ki rete pou aplike pou asistans finansye FEMA. Dat limit aplikasyon an se 7 avril 2025 .

FEMA kapab ede ak lojman tanporè, reparasyon debaz nan kay, pèt pwopriyete pèsonèl oswa lòt bezwen ki gen rapò ak katastwòf. Pwopriyete kay ak lokatè ki nan konte sa yo ka aplike: Alexander, Alleghany, Ashe, Avery, Buncombe, Burke, Cabarrus, Caldwell, Catawba, Cherokee, Clay, Cleveland, Forsyth, Gaston, Graham, Haywood, Henderson, Iredell, Jackson, Lee, Lincoln, Macon, Madison, Nam Dowell, Mitche, Melckl McDowell, Mitche Rowang Rutherford, Stanly, Surry, Swain, Transylvania, Union, Watauga, Wilkes, Yadkin ak Yancey konte yo, ak manm Bann Endyen Cherokee Lès yo.

Gen plizyè fason pou aplike: Ale sou Entènèt nan DisasterAssistance.gov, itilize [FEMA App](#) la, oswa rele 800-621-3362. Si w itilize yon sèvis relè, tankou Sèvis Relè Videyo (VRS), telefòn ki gen tit oswa lòt, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Nan kèk kominote, Sant Resous lokal yo gen espesyalis FEMA ki ka ede rezidan yo aplike

Pou wè yon videyo ki aksesib sou fason pou aplike, vizite [Three Ways to Apply for FEMA Disaster Assistance - YouTube](#). (Twa Fason Pou Aplike pou Asistans Dezas FEMA - YouTube.)

